



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman

Yo te rapòte 9 lanmò nan tout eta a nan 15 mas

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 epi mete aksan sou mezi debaz yo ka pran pou pwoteje kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa ki vin pi komen nan sezon ivè a.

"Nouyòkè yo dwe rete vijilan epi pou yo kontinye sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi asire ou fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon komen yo — tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn — pou pwoteje kont grip ak COVID-19 epi redwi fado pasyan yo sou lopital lokal yo. Gouvènè a te repete etap debaz sa yo lè li te bay Nouyòkè yo [mizajou](#) sou efò preparasyon eta pou sante pandan sezon ivè sa a.

Depatman Sante Eta New York te lanse dènyèman yon nouvo [kanpay 12 semèn](#) nan televizyon, rezo sosyal ak sèvis difizyon pou ankouraje Nouyòkè yo ki gen pwoblèm medikal pou yo rekonèt enpòtans pou yo pran ak rete ajou avèk dòz rapèl bivalan COVID-19 yo rekòmande a pou evite gwo maladi oswa lanmò. Kondisyon sa yo gen ladan gen 65 ane oswa plis, ansent, obèz, dyabetik, oswa soufri maladi kè oswa maladi poumon, oswa gen yon sistèm iminitè ki afebli.

Anplis de sa, Depatman Sante a te pibliye [rapò siveyans grip chak semèn](#) li an pou semèn k ap fini nan 4 mas, ki montre grip la rete gaye jewografikman toupatou nan eta a pandan venndezyèm semèn konsekitif, avèk yon total 319,547 ka pozitif ke yo rapòte sezon sa a jiskaprezan. Rapò a te jwenn tou ke ka yo ki konfime nan tout eta a te diminye a 2 pousan nan 1,854 pou semèn lan, alòske kantite moun ki entène lopital an

jeneral te desann 33 pousan nan semèn anvan an, avèk 131 moun ki entène lopital atravè eta a.

Te gen senk epidemi nan enstalasyon swen avanse ak swen alontèm, ke rapò a te detèmine. Pa te gen yon lanmò pedyatri ki asosye avèk grip la yo rapòte pou semèn nan, pou yon total 11 nan tout eta a.

Avèk sezon grip la k ap kontinye, Gouvènè Hochul ap raple tout Nouyòkè yo ke li pa twò ta pou yo pran vaksen anyèl pa yo kont grip la. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](https://www.vaccines.gov/find-vaccines/).

Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. An desanm lan, Depatman Sante Eta New York la te anonse [nouvo konsèy](#) pou dòz rapèl bivalan COVID-19 yo, ki disponib kounye a pou timoun ki elijib ki gen jiska 6 mwa.

Dòz rapèl ki ajou yo se premye ki sible pou souch viris orijinal la ak varyant ki fèk ap sikile yo epi yo rekòmande yo pou jèn Nouyòkè yo ak tout moun ki elijib yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun - 6.22**
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 5.44**
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 41,201**
- **Total Pozitif - 1,216**
- **Pousantaj Pozitif - 2.77%****
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 2.48%****
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital - 1,350 (-11)**
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène - 191**
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) - 158 (+14)**
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon - 55 (+6)**
- **Total Egzeyat - 407,053 (+180)**
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 9**
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 62,067**

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tè la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril 2022, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tè ki itilize tè antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif yo. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tè antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tè PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tè yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile - 78,952**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

Rejyon	Lendi 13 mas 2023	Madi 14 mas 2023	Mèkredi 15 mas 2023
Capital Region	6.27	6.10	5.58
Central New York	7.81	7.70	8.16
Finger Lakes	9.44	9.24	8.89
Long Island	5.43	5.32	5.03
Mid-Hudson	4.73	4.77	5.03
Mohawk Valley	6.01	5.42	4.92
New York City	4.25	3.97	3.96
North Country	10.37	9.10	8.83
Southern Tier	10.31	10.02	9.97
Western New York	8.65	8.65	8.33
Nan tout Eta a	5.73	5.52	5.44

Pousantaj rezilta tè pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Lendi 13 mas 2023	Madi 14 mas 2023	Mèkredi 15 mas 2023
Capital Region	4.95%	4.98%	5.31%

Central New York	4.55%	4.50%	4.86%
Finger Lakes	5.72%	5.63%	5.50%
Long Island	2.53%	2.64%	2.66%
Mid-Hudson	1.01%	1.44%	1.50%
Mohawk Valley	4.56%	4.02%	3.66%
New York City	1.41%	1.45%	1.50%
North Country	5.94%	5.55%	5.58%
Southern Tier	5.29%	5.28%	5.38%
Western New York	9.37%	9.49%	9.27%
Nan tout Eta a	2.24%	2.47%	2.48%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Pousantaj rezilta tèl pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Lendi 13 mas 2023	Madi 14 mas 2023	Mèkredi 15 mas 2023
Bronx	1.64%	1.65%	1.58%
Kings	0.91%	0.92%	1.12%
New York	2.21%	2.16%	2.13%
Queens	1.96%	2.00%	1.90%
Richmond	1.54%	1.58%	1.56%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Yè, te gen 1,216 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,640,523. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	79,522	9
Allegany	10,930	6
Broome	59,500	33
Cattaraugus	19,453	7
Cayuga	20,689	8
Chautauqua	29,830	7
Chemung	26,877	-
Chenango	11,943	11
Clinton	22,997	14

Columbia	14,065	1
Cortland	13,609	6
Delaware	10,256	-
Dutchess	85,564	9
Erie	271,860	71
Essex	7,858	2
Franklin	12,295	7
Fulton	16,782	5
Genesee	16,777	4
Greene	11,137	3
Hamilton	1,106	-
Herkimer	17,642	2
Jefferson	27,531	8
Lewis	7,419	3
Livingston	14,557	9
Madison	17,011	-
Monroe	194,182	64
Montgomery	15,190	8
Nassau	551,369	61
Niagara	60,163	13
NYC	3,092,693	423
Oneida	69,713	12
Onondaga	143,978	55
Ontario	26,522	10
Orange	140,831	30
Orleans	10,680	2
Oswego	35,030	8
Otsego	13,444	2
Putnam	31,816	6
Rensselaer	42,202	15
Rockland	119,341	81
Saratoga	62,102	18
Schenectady	44,123	9
Schoharie	6,650	1
Schuyler	4,369	-
Seneca	7,782	4
St. Lawrence	26,644	8
Steuben	25,620	10
Suffolk	570,346	69
Sullivan	24,874	5
Tioga	14,223	5
Tompkins	26,933	5

Ulster	43,632	12
Warren	19,125	3
Washington	16,056	12
Wayne	22,170	6
Westchester	336,990	28
Wyoming	10,042	6
Yates	4,478	-

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	105	68	64.8%	37	35.2%
Central New York	76	46	60.5%	30	39.5%
Finger Lakes	239	67	28.0%	172	72.0%
Long Island	155	69	44.5%	86	55.5%
Mid-Hudson	128	47	36.7%	81	63.3%
Mohawk Valley	18	7	38.9%	11	61.1%
New York City	392	150	38.3%	242	61.7%
North Country	38	18	47.4%	20	52.6%
Southern Tier	58	13	22.4%	45	77.6%
Western New York	141	64	45.4%	77	54.6%
Nan tout Eta a	1,350	549	40.7%	801	59.3%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#).

Yè, te gen 9 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 62,067. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Albany	1
Kings	1
Monroe	1
New York	1
Oneida	1
Onondaga	2
Saratoga	1
Wyoming	1
Montan Total	9

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran ak responsab yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj ak tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](#) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)